दिन—शुक्र दिनांक—24.05.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

लोकसभा चुनावक छठम चरण लेल काल्हि होबयवला आठ संसदीय क्षेत्र मे चुनावक वास्ते सभ तैयारी पूरा कऽ लेल गेल अछि। छठम चरणक अंतर्गत काल्हि वाल्मीकिनगर, पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण, शिवहर, वैशाली, गोपालगंज, सीवान आ महाराजगंज मे मतदान होयत। मतदान सवेरे सात बजे सँ सांझ छओ बजे धरि चलत। निर्वाचन आयोग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार सुरक्षाक दृष्टि सँ वाल्मीकिनगर लोकसभा क्षेत्रक रामनगर विधानसभा क्षेत्रक पचीस बूथ आ वाल्मीकिनगर विधानसभा क्षेत्रक उनतीस बूथ पर सांझ चारि बजे धरि मतदान होयत। मतदानक वास्ते मतदान कर्मी लोकनि ईवीएमक संग केन्द्र लेल विदा भऽ गेल छथि।

---

छठम चरणक चुनाव के लऽकऽ सुरक्षाक व्यापक प्रबंध कयल गेल अछि। मुख्य निर्वाचन पदाधिकारी एच आर श्रीनिवास जनौलनि जे सभ चौदह हजार आठ सय बहत्तरि मतदान केन्द्र पर सुरक्षा बलक उपस्थिति कराओल जा रहल अछि। ओतहि, संवेदनशील बूथ पर अर्द्धसैनिक बल उपस्थित रहत। एकर अतिरिक्त घुड़सवार दस्ता आ नदी मे नाव सँ सेहो गश्ती करबाक व्यवस्था कयल गेल अछि। ओ जनौलनि जे सात हजार छओ सय साठि बूथ सँ सम्पूर्ण मतदान प्रक्रियाक लाइव वेबकास्टिंग कयल जायत। ओम्हर, पूर्वी चंपारण आ पश्चिमी चंपारण जिला सँ नेपालक लागल सीमा के सील कऽ चौकसी बढ़ा देल गेल अछि। संगहि, उत्तरप्रदेश सँ लागल सीमा के सेहो सील कऽ देल गेल अछि।

---

लोकसभा चुनावक छठम चरणक अंतर्गत प्रदेशक आठ संसदीय सीट पर आठ महिला प्रत्याशी समेत कुल छियासी उम्मीदवार चुनाव मैदान मे छथि। सभ सँ बेसी बहुजन समाज पार्टीक सात उम्मीदवार चुनाव मे छथि। जदयूक चारि, भाजपाक तीन, राजदक चारि, कांग्रेसक दू आ लोक जनशक्ति पार्टी रामविलासक एक उम्मीदवार एहि चरणक चुनाव मे

अपन भाग्य आजमा रहल छथि। पैंतीस निर्दलीय उम्मीदवार सेहो चुनाव मैदान मे छथि। सीवान आ वाल्मीकिनगर लोकसभा सीट पर त्रिकोणीय संघर्ष अछि। जखनकि आन छओ सीट पर मुख्य मोकाबिला एनडीए  आ इंडी गठबंधनक उम्मीदवारक बीच मानल जा रहल अछि। वाल्मीकिनगर मे जदयूक सुनील कुमार कुशवाहा आ राजदक दीपक यादवक अतिरिक्त कांग्रेस बागी प्रवेश मिश्रा चुनावी संघर्ष के त्रिकोणीय बना देने छथि। ओतहि, सीवान मे जदयूक विजयलक्ष्मी देवी, राजदक अवध बिहारी चौधरी आ निर्दलीय हिना शहाबक मध्य त्रिकोणीय संघर्ष बनि गेल अछि।

———————————————————————

पूर्वी चंपारण मे भाजपाक राधा मोहन सिंह आ वीआईपीक राजेश कुमारक मध्य संघर्ष भऽ रहल अछि। पश्चिम चंपारण मे भाजपाक डॉक्टर संजय जायसवाल आ कांग्रेसक मदन मोहन तिवारी आमने—सामने छथि। शिवहर मे जदयूक लवली आनन्द तथा राजदक रितु जायसवालक मध्य मुख्य मोकाबिला मानल जा रहल अछि। ओतहि, वैशाली मे लोजपा रामविलासक वीणा देवी राजदक मुन्ना शुक्ला के चुनौती दऽ रहल छथि। गोपालगंज मे जदयूक आलोक कुमार सुमन आ वीआईपीक प्रेमनाथ चंचल आमन—सामने छथि। महाराजगंज मे भाजपाक जनार्दन सिंह सिग्रीवाल आ कांग्रेसक आकाश कुमार सिंहक मध्य सोझा—सोझी टक्कर अछि।

———————————————————————

प्रदेश मे सातम आ अंतिम चरणक लोकसभा चुनाव लेल प्रचार अभियान जोर पकड़ि लेलक अछि। भाजपाक वरिष्ठ नेता आ केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह आइ आरा मे वीर कुँवर सिंह मैदान मे पार्टीक प्रत्याशी आर के सिंहक समर्थन मे एक जनसभा के सम्बोधित करैत बीतल पाँच चरणक चुनाव मे एनडीए के तीन सय सँ बेसी सीट भेटबाक दावा कयलनि। जदयू अध्यक्ष आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार काराकाट लोकसभा क्षेत्र सँ एनडीए प्रत्याशी उपेन्द्र कुशवाहाक पक्ष मे चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि। ओतहि, भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष सम्राट चौधरी आ पार्टीक वरिष्ठ नेता गिरिराज सिंह जहानाबाद लोकसभा क्षेत्र मे चुनावी रैली के सम्बोधित कयलनि। एम्हर, भाकपा मालेक महासचिव दीपांकर भट्टाचार्य काराकाट लोकसभा क्षेत्र मे पार्टी प्रत्याशी राजाराम सिंहक पक्ष मे चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि।

———————————————————————

चक्रवातीय परिसंचरणक कारणे प्रदेशक अधिकांश भाग मे मौसम शुष्क बनल अछि। पछिला चौबीस घंटा मे अरवल प्रदेशक सभ सँ गर्म स्थान रहल। जतऽ अधिकतम तापमान अड़तीस दशमलव पाँच डिग्री सेल्सियस रिकॉर्ड कयल गेल। मौसम विभाग अगिला तीन दिन धरि प्रदेश मे अधिकतम तापमान दू सँ चारि डिग्री सेल्सियस बढ़बाक पूर्वानुमान व्यक्त कयलक अछि। ओतहि, बंगालक खाड़ी मे बनि रहल चक्रवातीय तुफानक कारणे प्रदेश मे कतेको ठाम छब्बीस मई सँ आंशिक अथवा मध्यम बरखा हेबाक संभावना बनल अछि। एहि क्रम मे ठनका खसबाक आ तीस सँ चालीस किलोमीटर प्रतिघंटाक गति सँ हवा चलबाक संभावना के लऽकऽ येलो अलर्ट जारी कयल गेल अछि।

———————————————————

सहरसाक पटेल मैदान मे बिहार एलेवन क्रिकेट एसोसिएशन द्वारा सहरसा आ मोतिहारक मध्य एक दिवसीय क्रिकेट मैच खेलल गेल। एहि मैच मे सहरसा के विजयश्री भेटल।

———————————————————

समाप्त भेल।